

COVID-19 ak Iminite Kolektif



Kisa Iminite Kolektif la Ye?

Iminite kolektif se lè yon majorite pati nan popilasyon an vin iminize fas ak yon maladi, sa ki vin rann ke gen mwens chans pou pwopagasyon maladi a fèt de moun ak moun. Akoz maladi a pa ka pwopaje, tout popilasyon an vin pwoteje—pa sèlman sa ki iminize yo.

Kijan pou Atenn Iminite Kolektif la?

Gen de (2) mwayen posib pou jwenn iminite kolektif kont COVID-19 la—vaksen ak enfeksyon. Vaksinasyon kont COVID-19 la se yon apwòch ideyal pou jwenn iminite kolektif la. Tout vaksen kont COVID-19 ki disponib aktyèlman nan Etazini yo, demontre tèt yo kòm vaksen ki vrèman efikas pou fè prevansyon kont maladi ki grav ke COVID-19 la ka lakoz e yo se yon zouti enpòtan pou ede fini ak pandemi a.


Trape COVID-19 la ka ofri kèk pwoteksyon natirèl. Prèv aktyèl yo sijere ke reyenfeksyon nan viris ki bay COVID-19 la pa frekan nan 90 jou ki swiv premye enfeksyon an. Toutfwa, ekspè yo pa konnen avèk sètitud konbyen tan pwoteksyon sa a dire, e ris maladi grav ak lanmò akoz COVID-19 la depase tout avantaj pwoteksyon natirèl la lontan.

Kilè Nou ka Atenn Iminite Kolektif la?

Pousantaj moun ki dwe vaksinen nan lide pou atenn iminite kolektif la varye selon maladi a. Pa egzanp, iminite kolektif kont lawoujòl, ki se yon maladi ki pwopaje byen fasil de moun ak moun, mande pou se anviwon 95% yon popilasyon ki dwe vaksinen; pou polyo, to vaksinasyon an se anviwon 80%.

Pou atenn iminite kolektif kont COVID-19 la san danje, yon kantite rezonab nan yon popilasyon dwe vaksinen pou redwi pwopagasyon viris la nan tout popilasyon an annantye. Nan moman sa a, yo poko konnen ki kantite moun egzak nan popilasyon an ki dwe vaksinen kont COVID-19 la pou atenn iminite kolektif la.

Si gen ase moun ki iminize kont COVID-19 la gras ak vaksen oswa iminite natirèl, viris la gen mwens chans pou li pwopaje.




COVID-19 ak Iminite Kolektif



Iminite Kolektif ak Plan Vaksinasyon kont COVID-19 Maryland lan

Akoz materyèl pou vaksen kont COVID-19 la ki limite nan Etazini, se pa tout moun k ap ka resevwa vaksen an touswit. Kidonk, sa ap pran yon bon tan pou atenn iminite kolektif la. Konsantrasyon prensipal efò pou vaksinasyon yo nan Maryland se pral pou redwi pwopagasyon ak gravite COVID-19 la sou popilasyon vilnerab yo jiskaske vin gen yon pi gran kantite vaksen ki disponib byen fasil.

Maryland pral distribiye vaksen yo bay senk (5) gwoup priorite diferan sou baz ris ki lye ak ekspozisyon oswa devlopman yon maladi grav.



Kijan Nou Ka Ralanti Pwopagasyon COVID-19 la?

Li enpòtan pou chak moun kontinye itilize **tout zouti** ki disponib pou ofri meyè pwoteksyon ki pou anpeche w pran epi pwopaje COVID-19 la.

- Al fè tè—vizite covidtest.maryland.gov pou w jwenn yon kote ki fè tè ki tou pre w la
- Mete yon mas ki kouvri nen w ak bouch ou
- Lave men w souvan
- Evite gwo rasanbleman moun
- Pratike distans sosyal an piblik—konsève yon distans sis pye ant oumenm ak lòt moun yo
- Ale fè yo vaksinen w lè w elijib pou w resevwa vaksen an

Pou w jwenn plis resous pou vaksinasyon kont COVID-19 la, ki enkli fich teknik ak Kesyon ke Moun Abitye Poze (FAQs), vizite covidLINK.maryland.gov.

